PEMERINTAH KABUPATEN WONOGIRI
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

PENILAIAN AKHIR SEMESTER SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2020/2021

KURIKULUM 2013

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa | **Hari/tanggal : Jumat, 4 Desember 2020**
Kelas : 2 (Dua) | **W a k t u : 07.30 – 09.00 (90 menit)**

PETUNJUK UMUM :

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

I. Wenehana tandha ping (X) aksara a, b utawa c wangsulan kang bener ing lembar jawab kang cumawis!

1.

Gambar dhuwur arane ....
a. Para Punakawan
b. Pandhawa Lima
c. Kurawa

2. Raden Arjuna iku satriya ana ing ....
a. Negara Ngamarta
b. Madukara
c. Jodhipati

3. Pasangan gambar lan aran ing ngisor iki kang trep yaiku ....

a.	b.	c.
Puntadewa	Semar	Janaka

Wacanen kang prematí kanggo mangsuli soal nomer 4 - 6!

Tangi Esuk

Jam lima esuk Dini wis tangi. Paturone enggal diresiki. Bantal lan guling ditata rapi. Pancen Dini bisa dadi tuladha. Ora tau neka-neka. Tansah bekti marang wong tuwa. Budhal sekolah nyuwun pangestu. Ing ndalan ora grusa-grusu. Yen bengi mesti sinau.

4. Tokoh baku wacan ing dhuwur ....
   a. Dani
   b. Danu
   c. Dini

5. Dini tangi turu ing wayah ....
   a. jam telu esuk
   b. jam papat esuk
   c. jam lima esuk

6. Budhal sekolah nyuwun pangestu marang ....
   a. wong tuwa
   b. wong enom
   c. wong pinter

7. Kesenian kang diiringi nganggo gamelan Jawa arane ....
   a. musik
   b. campursari
   c. karawitan

8. 

   Gambar sisih kiwa arane ....
   a. gong
   b. bonang
   c. kenong

9. Wakul glimpang segane dadi saratan.
   Tembung iku irah-irahane ....
   a. Gundhul-gundhul Pacul
   b. Menthog-Menthok
   c. Kupu Kuwi

10. Tembang dolanan iku tembang kang ditembangake kanthi rasa ....
    a. susah
    b. seneng
    c. sereng

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep ing lembar jawab kang cumawis!

11. Pandhawa iku cacahe ana lima yaiku Puntadewa, Werkudara, Janaka, ... lan ....
12. Werkudara iku panenggake Pandhawa. Panenggake tegese ....
13. Punakawan cacahe ana ....
14. Punakawan asale saka tembung ... lan kawan.
15. Gambar wayang ing sisih kiwa iki arane ....

Teks wacan ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 16 - 20.

Dina Minggu Ali lan Edo latihan sepedha. Sepedha sing mundhutake ibune. Ali lan Edo ngubengi desa. Budhale jam 07.00 esuk. Ali lan Edo seneng banget jalaran bisa numpak sepedha.

16. Ali lan Edo latihan sepedha dhek dina ....
17. Tokoh kang dicritakake petikan wacan ing dhuwur yaiku ....
18. Anggone ngubengi desa budhal jam ....
19. Sing mundhutake sepedha yaiku ....
20. Ali lan Edo atine ....
21. Gamelan kuwi asale saka ....
22. Gamelan iku kumpulan piranti musik kang diunekake kanthi cara ....
23.  Gambar sisih kiwa iki carane ngunekake kanthi cara ....
24. Suling kuwi gamelan kang muni kanthi cara ....

25.  Iki arane ....

26. Tembang kang ditembangake sinambi dolanan diarani ....

27. Watake tembang dolanan kuwi ....

28. "Menthog-Menthog", "Siji Loro Telu", lan "Suwe Ora Jamu" kalebu tembang ....

29. Aja padha sembrana ... ora bisa.
Tembung kang trep kanggo ngganepi pratelan tembang dolanan yaiku ....

30. Mumpung waras lan santosa. Waras kosok baline ....

III. Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki kanthi pratitis ana ing lembar kang cumawis!

31. Jlentrehna/terangna tokoh wayang sisih kiwa!

32. Gambar sisih kiwa iki arane!

33. Gawea ukara adhedhasar gambar iki!

34. Aranana 3 wae gamelan kang duweni pencon!

35. Tulisen cakepan tembang dolanan Cubkak-cublak Suweng, 2 larik wae!

==$$==